

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil sarta pedaran panalungtikan dina bab saméméhna, bisa dicindekkeun sababaraha hal saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 1 Cicurug taun ajaran 2021/2022 saméméh ngagunakeun média *Aksundroid* téh kagolong can tuntas. Lantaran rata-rata peunteunna ngan 43,9, sedengkeun KKM nu geus ditetepkeun nyaéta 70. Upama dijujut leuwih jero, ngan aya 2 urang siswa tina 35 siswa nu peunteunna nyumponan KKM nalika *pre-test*. Dumasar aspék nu dipeunteunna, rata-rata peunteun katepatan aya dina katégori sedeng tegesna dina angka 24,5. Tapi keur aspék karapihan aya dina katégori kurang, lantaran rata-rata peunteunna téh ngan 19,4.
- 2) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 1 Cicurug taun ajaran 2021/2022 sanggeus ngagunakeun média *Aksundroid* téh kagolong tuntas. Lantaran rata-rata peunteunna geus nyumponan KKM nu ditetepkeun nyaéta aya dina angka 77,43. Ampir sakabéh siswa meunang peunteun tés nu tuntas, iwal ti 4 siswa nu masing kénéh can tuntas. Ditilik tina aspék katepatan, rata-rata peunteunna téh nyaéta 39,26 anu hartina aya dina katégori hadé pisan. Teu béda jauh jeung aspék katepatan, rata-rata peunteun aspék karapihan aya dina katégori hadé tegesna 38,17.
- 3) Sacara hasil geus katitén yén aya béda antara rata-rata peunteun saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Aksundroid*. Pikeun validasi panalungtikan, unggal data diuji sipat maké uji normalitas tuluy dipungkas ku uji hipotésis. Dumasar uji normalitas kapaluruh yén data *pre-test* berdistribusi normal, lantaran nilai Sig. 0,359 atawa $> 0,05$. Pon kitu deui data *post-test*, kapaluruh meunang nilai Sig. 0,461 atawa $> 0,05$. Sabab duanana berdistribusi normal, uji hipotésis dituluykeun maké métode *paired sample t test* nu mangrupa bagéan tina statistik *parametrik*. Hasilna nilai Sig. 0,000 atawa $< 0,05$. Hartina aya béda anu

signifikan antara hasil diajar siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Aksundroid*. Ku kituna bisa dicindekeun yén média *Aksundroid* sangkil pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 1 Cicurug taun ajaran 2021/2022.

5.2 Implikasi

Ku bantuan média *Aksundroid*, siswa bisa neuleuman matéri aksara Sunda saluareun jam pangajaran. Ieu hal jadi inovasi pangajaran nu salila ieu lumangsung di imah. Singgetna waktu pangajaran sarta karep diajar siswa nu leutik dipiharep bisa kaungkulan ku ayana *Aksundroid*. Ku kituna, pamakéan *Aksundroid* téh sacara langsung mantuan guru pikeun ngungkulan pasualan pangajaran aksara Sunda dina kaayaan pandemi Covid-19. Ieu média pangajaran kawilang praktis, lantaran dijieun dina wangun aplikasi Android. Udaganna sangkan kahareupna *Aksundroid* téh bisa dipaké ku balaréa, teu ngan saukur ku siswa. Cindekna, média *Aksundroid* téh méré implikasi nu hadé kana dunya atikan basa Sunda sacara jembar.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu bisa dijadikeun tinimbangan patali kana panalungtikan satuluyna jeung kamekaran *Aksundroid*, diantarana.

- 1) Méthode nu dipaké pikeun panalungtikan *Aksundroid* saenyana leuwih cocog maké métode *Research and Development (RnD)*, lantaran hasilna sangkan leuwih museur kana ngamekarkeun média pangajaran dina wangun aplikasi.
- 2) Kawatesanna alat nu dipiboga ngabalukarkeun waktu nu lila dina nyieun aplikasi *Aksundroid*. Lantaran dina ngawangun aplikasi saenyana ngabutuhkeun komputer atawa laptop kalawan spesifikasi nu hadé. Ku kituna, saacan ngawangun aplikasi kudu disiapkeun heula alatna.
- 3) Kawatesanna kamampuh panalungtik dina nyieun *coding* jeung ngadesain ngabalukarkeun ieu aplikasi téh dijieun sacara basajan. Kahareupna, upama nyieun aplikasi kudu daék diajar leuwih jero perkara

coding sangkan eusina leuwih variatif. Pon kitu deui dina desain tampilanna kudu disusun leuwih komunikatif.

- 4) Ku ayana *Aksundroid* pikeun pangajaran nulis aksara Sunda, dipiharep muncul leuwih loba deui karep pikeun nyieun aplikasi séjén boh ti mahasiswa boh ti akademisi. Udaganna pikeun ngungkulan kagiatan pangajaran daring ayeuna nu kurang sangkil.